# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**«Улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары арасында шахмат бойынша командалық "Шохруҳ" турнирин шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 14-январь күнги ***"Шахматты жәнеде раўажландырыў ҳәм ғалабаластырыў ҳәмде шахматшыларды таярлаў тараўын жетилистириў ис-илажлары ҳаққында"*** ғы ПҚ-4954-санлы қарарында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў ҳәмде халық билимлендириў тараўында шахматты кеңирек үгитлеў ҳәм оны ғалабалық спорт түрине айландырыў, улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары арасында спорттың шахмат түрин раўажландырыў ҳәм ғалабаластырыў, олар арасында спорт жарысларын жоқары дәрежеде өткериў сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 5-октябрь күнги 04-04/3-1063-санлы хатын басшылыққа алып, орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 5-октябрь күнги 04-04/3-1063-санлы хаты ҳәмде тастыйықланған жарыс Режеси басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. **тастыйықланған жарыс Режесине муўапық:**

- 2021-жылдан баслап ҳәр жылы **октябрь** айы даўамында улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары арасында шахмат бойынша командалық **"Шохруҳ"** турнирин шөлкемлестириў ҳәм өткериў;
- усы жылдың **октябрь** айында улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары арасында шахмат спорт түри бойынша жарыслардың 1-2-3-(мектеп, район (қала) Республикалық финал) басқышларын шөлкемлестириў ҳәм жоқары дәрежеде өткериў;
- Турнирде қатнасыў ушын 7 ҳәмде 9 жасқа шекемги улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары арасынан, ҳәр бир жас өзгешелиги бойынша 2 оқыўшы (1 ул, 1 қыз бала)дан жәми, **4 оқыўшы (2 ул, 2 қыз бала)дан ибарат команда**ны қәлиплестириў;
- жарысларды шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими (Б.Байниязов) жуўапкер етип белгиленсин.

3. **Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов), барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелери директорларына:**

- усы жылдың октябрь айында улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары арасында шахмат спорт түри бойынша жарыслардың 1-2-3-(мектеп, район (қала) Республикалық финал) басқышлары шөлкемлестириў ҳәм жоқары дәрежеде өткериў;
- жарыс өткерилетуғын орынларды спортқа үгитлеўши баннерлер менен безетиў;

- жарыс ушын зәрүр болған шахмат үскенелери менен тәмийинлеў;
- жарыстың әдил түрде өтиўин басқарыў мақсетинде тәжирийбели төрешилер менен тәмийинлеў;
- шахмат жарысын өткериў ушын сарыпланатуғын қәрежетлерди тастыйықланған қәрежетлер сметасы тийкарында тәмийинлеў;
- шахмат бойынша сыйлы орынларды ийелеген жарыс жеңимпазларына ажыратылған саўғалардың ҳүжжетлерин расмийлестириў;
- жарысларды жергиликли ғалаба хабар қураллары арқалы кең жәмәәтшиликке жәриялап барыў;
- спорт жарыслары жуўмақланғаннан кейин нәтийжелери ҳаққында 3 күн мүддетте Өзбекстан "Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Орайлық Кеңесиниң Ғалабалық спорт илажларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў бөлимине, мағлыўматларды тийисли тәртипте улыўмаластырып фото-сүўретлери менен жеткерип бериў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. **Министрликтиң физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў бөлими (М.Есбосынов)не:**

- усы буйрықты бир күн мүддетте район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине, Республикалық улыўма орта билимлендириў мәкемелерине жеткериў ўазыйпасы жүкленсин.

5. **Министрликтиң баспа сөз хызмети (Т.Даўлетмуратов)не:**

- усы буйрық пенен берилген тапсырмалар бойынша әмелге асырылып атырған жумысларды, сондай-ақ, өткерилетуғын спорт илажларынан көринислерди министрликтиң расмий веб-сайты (***kkedu.uz***)на жайластырып, кең жәмәәтшиликке жәриялап барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

6. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыўды өзимде қалдыраман.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы

«15» октябрь 2021-жыл

№ 222